



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA

KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO

Alamat: Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp:(0286)322386

PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT)

TAHUN PELAJARAN 2023-2024

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : IX (Sembilan)

Hari / Tgl : Senin, 25 Maret 2024
Waktu : 07.30-09.00

- I. Pilihana wangsulan kanthi menehi tandha silang (X) ing aksara A, B, C utawa D kang kokanggep bener!
Wacan kanggo no 1-4

Anoman Duta

Anoman dadi Dhuta Ramawijaya, banjur njujug menyang taman keputren, Ing kana Anoman bisa nemoni Dewi Shinta lan Dewi Trijatha, malah bisa ngaturake ali- aline Sri Rama marang Dewi Sinta. Sakwise oleh sisik melik lan kaanan liyane, Anoman ya Kethek putih banjur bali. Nanging nalika arep pamit bali, konangan para prajurit Alengkadiraja, banjur dirangket nuli disowanake marang Prabu Rahwana. Dening Rahwana, Anoman kapatrapan paukuman yaiku bakal diobong ing alun-alun Ngalengka. Kethek putih ya Anoman nglakoni paukuman. Nanging sanajan diobong, Anoman ora bisa kobong amarga sakti mandraguna malah mencolot sanduwuring kraton, omah, lan bangunan liyane . Wit-witan kang diencoki Anoman kabeh kobong. Kraton Ngalengka sing maune apik, saiki dadi segara geni. Prabu Dasamuka nesu lan mrentahake para prajurit supaya nyekel Anoman. Nanging Anoman bisa lolos lan bisa ketemu maneh atur palapuran marang prabu Rama.

- Kang ora dadi paraga ing crita Anoman Duta yaiku
 - Anoman
 - Rahwana
 - Roro Jonggrang
 - Dewi Shinta
- Ing lakon crita Anoman duta, kethek Anoman dadi dhutaning
 - Prabu Rahwana
 - Rama Parasu
 - Prabu Rama
 - Dewi Shinta

3. Anoman bisa nemoni Dewi Shinta lan Dewi Trijatha ana ing
 - A. taman kaputren
 - B. wana
 - C. alas
 - D. angkasa
4. Tembung kadhusta tegese....
 - A. dijupuk
 - B. dicolong
 - C. dijaluk
 - D. digendhong
5. Ana ing ngisor iki kang kalebu jinising tembung panggandeng yaiku
 - A. Amarga, Ananging, Mulane
 - B. Adhuh, Wah , Iyung, Sukur
 - C. Para tamu, Sri Sultan, Sang ratu
 - D. Menawa, tansah, mung, banget, tenan
6. Omah bangunan liyane lan wit-witan kang diencoki Anoman kabeh kobong. Tembung omah kalebu jenising tembung
 - A. aran
 - B. kriya
 - C. katrangan
 - D. panyeru
7. Nalika ing Taman Asoka sang Dewi ora gela mangan lan ngombe, mula awake dadi kuru aking. Tembung mangan ing ukara kasebut jenising tembung
 - A. wilangan
 - B. kriya
 - C. pangilah
 - D. ancer-ancer
8. Cacahe utawa akehe wanda saben sagatra diarani
 - A. guru gatra
 - B. guru lagu
 - C. guru swara
 - D. guru wilangan

Kangge mangsuli soal No 9-12

Dhandhanggula sida asih

Pamintaku nimas sida asih

Atut runtut tansah reruntungan

Ing sarina sawenginé

Datan ginggang sarambut

Lamun adoh caket ing ati

Yèn cedhak tansah mulat

Sida asih tuhu

Pindhha mimi lan mintuna

Ayo nimas bareng anetepi wajib

Sida asih bebrayan

9. Ana ing paugeran sekar macapat, kang diwastani tibaning swara ing pungkasaning gatra yaiku....

- A. guru lagu
- B. guru gatra
- C. guru wilangan
- D. guru swara

10. Ing sarina sawenginé

Tembung rina kuwi nduweni teges apa....

- A. sore
- B. musim
- C. awan
- D. wayah

11. Watak saka sekar macapat dhandhanggula sida asih ing nduwur yaiku

- A. katresnan
- B. sedhih
- C. loman
- D. ndresula

12. Tembung sandiwara kuwi dumadi saka tembung sandi lan wara, kang tegese....

- A. ndelik lan pawarta
- B. seni lan budaya

- C. urip lan lestari
- D. sugeng lan rahayu

Dina iki, aku arep melu lomba gladhen kawruh basa Jawa ana ing pendhapa kabupaten Wonosobo. Lomba gladhen kawruh diwiwiti tabuh 8 esuk tekan 12 awan. Anggone melu gladhen kawruh, saben sekolah ngirimake 1 kelompok kang cacahé 3 siswa. Saka sekolahku ana Aku, Deni, lan Radit. Sadurunge budhal gladhen kawruh, Pak Bagus minangka guru Pembina lomba, maringi arahan marang aku lan kanca-kanca.

Pak Bagus : “Ndhuk, Le kabeh perlengkapan kayata alat tulis wis digawa kabeh apa durung? Kanggo Ajeng, pasarta putri kudu nganggo jilbab sing gathuk karo seragam dina iki, seragam OSIS”

Aku : “Nggih pak, sampun. Menika kula sampun bekta *jilbab pethak* pak, mangke dipun dingge wonten panggenan lomba kemawon, supados boten reged wonten *dalan* nalika bidhal lomba”

Pak Bagus : “Ya, aja padha lali nganggo sepatu tali ireng lho ya, supaya katon rapi”

Rungu Pak Bagus ngendika kudu nganggo sepatu ireng, raine Radit sajake gugup, Radit banjur mangsuli Pak Bagus.

Radit : “Waduh pak, wau kula kesupen ngangge sepatu pethak menika pak, amargi wau enjing kula madosi dasi OSIS boten kepanggih”

Pak Bagus : “Ealah dit, dit, wis tekan dinane lomba kok isih wae ana sing kurang, hayo mau wengi jam pira lemu turu?”

Deni : “Tabuh 12 dalu pak, amargi wau dalu kula kaliyan Radit sareng-sareng *ningali* sepak bola wonten layar tancep ngajeng Pos Ronda”

Mireng Deni karo Radit sing turune telat, pak Bagus banjur ngendika:

Pak Bagus : “Hayo ngene iki, yen wis dikandhani supaya turu gasik, saiki dadi lali ta, apa wae barang kang kudu dienggo lan digawa, amarga mau esuk mesti tangine telat, wis saiki gek mulih sek, mumpung isih gasik, gantinen sepatumu dit, ayo men diterke Pak Bagus wae nganggo sepedha motor”

Radit : “Nggih pak, Matur Nuwun”

Sawise kuwi, Pak Bagas banjur nitih sepedha motor kanggo ngeterke Radit bali omah, supaya ganti sepatu ireng. Aku lan Deni nggenteni ana ing kantor sekolah.

13. Deni, Radit lan aku arep melu lomba apa ? Lan ing ngedi papane lomba ? ...
- A. lomba gladhen macapatan ing pendopo kabupaten
 - B. lomba gladhen kawruh Basa Jawa ing pendopo kabupaten Wonosobo
 - C. lomba gladhen kawruh basa Jawa seka jam 8 tekan jam 12
 - D. lomba pidhato basa Jawa ing pendopo kabupaten Wonosobo
14. Saka pethikan teks sandhiwara ana ing dhuwur mau, unsur intrinsik kang trep karo tuladhane ing ngisor iki yaiku...
- A. Tema pendidikan, paraga lomba gladhen kawruh, Setting ana ing sekolah
 - B. Paraga Pak Bagas, Radit, Ajeng, Deni, tema gladhen kawruh, setting ana ing omahe Radit
 - C. Tema pendidikan, setting ana ing sekolah, paraga Pak Bagas, Radit, Ajeng, lan Deni
 - D. Alur Ajeng kudu nganggo jilbab putih, paraga Bapak Ibune Radit, tema pendidikan.
15. Piwulang luhur ana ing teks sandhiwara ing dhuwur yaiku...
- A. Dadi wong kuwi sing rumangsa, yen ana kaperluan penting, kudu disiapke kanthi temen
 - B. Dadya siswa sing sregep sinau, supaya bisa melu lomba dadi wakil sekolah
 - C. Yen lagi kekancan, kudu padha-padha ngelingake supaya turu gasik
 - D. Melu lomba gladhi kawruh, kudu bisa sinau kanthi temen

(Wacan kanggo mangsulisoal nomer 16, 17)

Pentinge Pendidikan

Dina : Sesuk dina Jumat kowe arep neng endi Tin? mesti ana acaramlaku-mlaku ya?!

Tina : Durung ngerti ki.. aku durung nduwe rencana nengendi-endi.

Rina : Yen aku arep neng ngomah wae. Aku mending sinau daripadadolan mrana-mrene ra jelas ngunu.

Umi : Iya, aku uga padha karo Rina. Daripada keluyuran ra jelasmending sinau wae neng omah.

Dina : Wah kowe ki dina Jumat yo isih sinau?! ta sajrone pitu dina kuwiawake dhewe mung nduwe siji dina kanggo nyenengna awak, ngapauga mesti sinau.

Tina: Iya, dekne kabeh sregep banget e. Padahal sinau sajrone nem dinakuwi uga wis luwih saka cukup.

(Umi banjur njelaske marang dekne kabeh, yen pamulangan kuwi adohluwih penting daripada dolanan utawa keluyuran ra jelas).

Umi : Plesiran lan dolan kuwi emang butuh sih.. awake dhewe mestine kudu rumangsa jenuh nek saben dina mung sinau lan sinau, Nanging kita kudu eling menawa kanthi akeh anggone sinau sing bakal ndadekne awake dhewe dadi bocah sing pinter.

Rina : Iya, aku setuju karo kowe, Umi. Wis lah, aku sih bukane nglarangyen kowe arep pada dolan, Nanging karepku ki kowe tetap fokus karo pamulangan. Aja kokehan keluyuran, sementara pamulangan mu tokkalahke.

16. Kepriye wateke Rina?

- A. sregep sinau
- B. keset
- C. seneng dolan
- D. apikan marang kanca

17. Paraga utama sandiwara “Pentinge Pendidikan” yaiku....

- A. Umi
- B. Dina
- C. Rina
- D. Tina

Citra : “Anggenipun pasang tratag dalemipun Pak Jarwo kok ngantos dumugi ngajengipun Pak Lurah, punika badhe kagungan kersa punapa, Pak?”

Bapak : Lho apa kowe ora krungu, yen Pak Jarwo arep kagungan kersa mantu Mbak Siska.”

Citra : “Lha inggih nanging Iha kok prasasat salapangan dipun pasang tratag.”

.....

18. Petikan pacelathon kasebut ngrembug babagan

- A. Pak Jarwo pasang tratag arep mantu
- B. lapangane dipasang tragt
- C. Mbak Siska arep mantu
- D. Pak Jarwo dadi lurah

19. Ing pacelathon kasebut, Citra nggunakake basa

- A. krama madya
- B. krama lugu
- C. krama inggil
- D. ngoko lugu

20. Rikala mangkat menyang madrasah Rini weruh kanca-kancane padha lungguhan ing teras omahe Fatimah. Rini banjur nyedhak lan salaman. Sakwise iku banjur Fatimah wiwit ngobrol ngalor

ngidul ngandhakake alane kancane. Krungu kaya mangkono Rini banjur lunga ngedoh emoh krungu , amarga eling karo paribasan

- A. ulat madhep ati karep
- B. tut wuri handayani
- C. ana catur mungkur
- D. becik ketitik ala ketara

21. Bebasan tegese unen-unen kang ajeg panganggone , mawa teges entar lan ngemu surasa pepindhan, tuladhane ancik-ancik pucuking eri, kang nduweni teges

- A. wong kang ana ing tengah-tengah alas
- B. wong kang tansah kawatir lan wedi amarga keluputane dhewe
- C. methiki eri ing tengah alas
- D. wong kang urip rekasa amarga ora gelem srawung karo kancane.

22. Kang kalebu contone saloka yaiku kebo kabotan sungu, bathok bolu isi madu, kebo nusul gudel lan sapanunggalane. Apa tegese kebo nusu gudel ?

- A. anak manut karo piwulange wong tuwa
- B. wong tuwa manut karo kebone
- C. wong tuwa kang manut karo kekarepane anake
- D. anak lan wong tuwa manut karo simbahe

Eman Kilangan Sandal

Esuk – esuk srengenge wis mlethek lan njebul saka turone Eman sibocah mbeling urung gelem tangi.yo wis ngunu Eman saben dina

Mbok Tar : Le, tangi le! wis padang njingglang kok kowe sek mlungker ae.

Lela : Percuma mbok ,ora bakal dirungokake karo cak man

Mbok Tar : Gugahen kono,Guyangen banyu pisan lek gelem tangi pisan

Lela : Ngko kasure teles kabeh,paling yo cak man gak ngurusi, wes tenang wae aku duwe cara dewe.

Lela : {*bengok -bengok nang kupinge emon*}”KOBONGAN-KOBONGAN}.

Tulung... tulung...tulung.

Emon : (*gragapan* } apa... apa...kobongan??? {*kaya kabeh diinteri*}

Mbok Tar : Ssssstttttt....iki ya lapo se?

Emon : Lho mbok ana kobongan gak ngungsi ta? {*jek bingung*}

Mbok Tar : kowe ki nglindur ta?

Lela : Hehehe... hahaha...iyo ak,Tak bujuki sampean salahe dewe gak tangi- tangi
 Emon : Oooo.... Arek cilik kurang ajar kowe ki
 Lela : Babah se , anngite sampean gak cilik ta?
 Mbok tar : Halah podo cilile ae lok- lokan. Wes ndang nimbo kono mon

23. Kepriye watake Emon?

- A. resikan
- B. keset
- C. seneng tangi gasik
- D. seneng turu

24. Sapa wae peraga ing wacan nduwur?

- A. Budi , Raka, mbok Tar
- B. Danu , Lela , mak Tar
- C. mbok Tar, Lela , Emon
- D. Lela, Emon ,mbok Tar , Danu

Wacan kanggo soal nomer 25 !.

Upacara adat mitoni dianakake nalika calon ibu ngandhut 7 wulan, tujuane kanggo keslametan jabang bayi lan ibune utawa kanggo sing sifate tolak bala. Ing dhaerah upacara iki diarani tingkeban

Rantamaning acara upacara mitoni iki luwih akeh tinimbang upacara ngupati, urut-urutane yaiku siraman, nglebokake endhog putih kampung ing njero kain calon ibu dening calon bapak, salin rasukan, bronjolan (nglebokake klapa gading enom), ngitus tali lawe utawa lolitan benang, mecahake kendhil lan gayung, nyolong endhog lan dipungkasi kenduren.

25. Upacara adat tingkeban utawa mitoni ing kebudayaan Jawa nduweni ancas....

- A. kanggo nggolek kabekjan
- B. kanggo wara-wiri marang tangga
- C. kanggo nggolek kamulyan
- D. kanggo keslametan bayi lan ibune

26. Upacara Adhat Jawa kaperang dadi 3 jinise, yaiku Mijil, Manten, lan Mati. Tuladha kang trep kanggo upacara adhat Jawa kang kalebu jinise Mijil lan sebabe ing ngisor iki yaiku..

- A. Upacara mendhem ari-ari, amarga kalebu upacara adhat kang gayut karo laire jabang bayi
- B. Upacara mendhem ari-ari, amarga ana gegayutane dedonga becik ana ing manten

- C. Upacara boyongan, amarga gayut karo boyonge bayi umur 4 sasi ana ing omah
 - D. Upacara nusur tanah, amarga ana gegayutane karo dedonga becik kanggo laire jabang bayi
27. Upacara mitoni dipunwontenaken ing tabuh 15.00-16.00 sore, amargi masarakat jawa pitados bilih ing wekdal menika, widodari saweg mandhap ing bumi kagem sirem. Saka tabuh 15.00-16.00, ana pirang menit? Kasebutna kanthi basa krama!
- A. nemdasa
 - B. suwidak
 - C. tigangdasa
 - D. gangsaladasa
28. Upacara Adhat Jawa keperang dadi 3 jinis, yaiku Mijil, Manten lan Mati. Tuladha kang trep kanggo upacara adhat jawa kang kalebu jinis Mati yaiku....
- A. Upacara nelung dina, pitung dina, patang puluh dina, nyatus dina, lan nyewu dina
 - B. Upacara rong dina, nelung dina, patang puluh dina, nyewu dina
 - C. Upacara nelung dina, nyatus dina, sepasaran, selapanan
 - D. Upacara sepasaran, selapanan, patang puluh dina
29. Ancase upaca adhat kuwi yaiku kanggo tolak bala lan ngilangi sukerta, apa kang dadi maksude ?
- A. Kanggo menenhi rejeki kang cukup ing pangaruripan
 - B. Kanggo nglancarake pepenginan apa wae kang dadi karepe
 - C. Kanggo ngadohake bab kang ala ana ing panguripan
 - D. Kanggo upacara adhat Jawa
30. Ing ngisor iki kang ora kalebu perangane pidhato/sesorah yaiku.....
- A. pambuka
 - B. isi pidhato
 - C. panutup
 - D. dedonga bebarengan
31. Cathetan angkaning taun ingkang awujud ukara utawi pralambang diarani...
- A. sesorah
 - B. sengkalan
 - C. geguritan
 - D. surasa basa
32. Barang-barang sing jodhon kayata kuping tangan lan swiwi iku keblebu watek sengkalan kaping...
- A. 5
 - B. 4

C. 3

D. 2

33. *Tawon Madu ngisep sekar,*

Yen dadi guru kudu ...

Parikan iki cocoke ...

A. sabar

B. banar

C. sadar

D. gagah

34. Iki pratelan kang bener ngenani geguritan gagrag lawas lan geguritan gagrag anyar yaiku...

A. Geguritan gagrag lawas lan anyar iku ora ana bedane.

B. Gagrag lawas nganggo basa jawa kuno.

C. Parikan kalebu geguritan gagrag anyar.

D. Geguritan gagrag anyar kaiket paugeran.

35. *Sawangen srengenge kae*

Esuk teka sore lunga

Ora kesel, ora nate gresula

Gaweane madhangi manungsa ngupaya boga

Kabeh kuwi mung netepi pepesthi

Wajibe bathara surya madhangi ndonya

Nuladha lakune srengenge

Elinga jejere bocah sekolah

Wajibe sinau lan maca buku ora kudu dielingke ibu

Sebab ngelmu kalakone kanthi laku saranane sekolah sowan guru

Wacan ing dhuwur kalebu

A. parikan

B. paribasan

C. bebasan

D. geguritan

36. Irah – irahan kang trep kanggo wacan ing ndhuwur yaiku

A. Sawangen kae

B. Lakune srengenge

C. Pangupa boga

37. “Febi mélu kerja kelompok”

A.

B.

C.

D.

ព្រះឧបាសិកា

• • • • •

A.

B.

C.



ကောတံ

ကလေးများအတွက်

- စိကဒုဃာတ်ပာဏ္ဍိတိ

- 